



# Massachusetts 2025-2027 Plan Efikasite Enèjetik ak Dekarbonizasyon

Rezime Egzekitif  
31 Oktòb 2024

**NOU SE MASS SAVE®:**



[masssave.com](http://masssave.com)



# Entwodiksyon



Se avèk anpil fyète Administratè Pwogram Massachusetts la yo (PAs)<sup>1</sup> ap prezante Plan Efikasite Enèjetik ak Dekabonizasyon 2025-2027 la (Plan)<sup>2</sup>. Investisman sa prèske rive nan \$5 milya dola, sa gen ladan l yon investisman an aksyon \$1.9 milyon, ki reprezante yon etap enpòtan nan reyalizasyon objektif klimatik 2030 Massachusetts genyen pou sektè konstriksyon epi k ap sipòte efò nou yo pou nou aise nou tout rezidan ak antrepriz ki elijib yo nan Commonwealth la benefisye pwogram Mass Save<sup>®</sup> la.

Pou nou atenn rezilta sa yo, n ap mete yon pakèt nouvo solisyon inovan ki fèt pou amelyore eksperyans kliyan yo epi diminye obstak ki enpakte patisipasyon yo, espesyalman pou kominote ak kliyan yo p ap bay bon sèvis yo. Aktivite ak òf ki elabore an kolaborasyon nan Plan an reprezante yon angajman enpòtan pou ekite ak jistis distribitiv ak amelyorasyon k ap kontinye nan aprantisaj ak angajman. Nou rekonesan anpil anvè Konsèy Konsiltatif sou Efikasite Enèjetik la (Energy Efficiency Advisory Council, EEAC) ansanm ak Gwoup Travay sou Ekite a (Equity Working Group, EWG), Depatman Resous Enèjetik la (Department of Energy Resources, DOER), Biwo Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Office, AGO), piblik la, asosye kominotè nou yo ak asosye ki la pou mete travay nou yo sou pye, alye komèsyal nou yo pou kòmantè yo ak sipò yo nan devlopman Plan an, san yo nou pa t ap ka mete pwogram Mass Save la sou pye. Nou enpasyan pou nou kontiye kolaborasyon nou an yon fason pou nou konkretize efò sa yo. Nou vle remèsye tou Depatman Sèvis Piblik la (Depatman)<sup>3</sup> pou angajman yo nan kontinye fè sipèvizyon ak oryantasyon reglemantè yo.

<sup>1</sup> PAs yo se: Berkshire Gas Company, Cape Light Compact JPE (the Compact), NSTAR Electric Company, NSTAR Gas Company, ak Eversource Gas Company of Massachusetts, yo chak sou non Eversource Energy, Liberty Utilities Corp. (New England Natural Gas Company) ki sou non Liberty, Massachusetts Electric Company, Nantucket Electric Company, Boston Gas Company, yo chak sou non National Grid, ak Fitchburg Gas & Electric Light Company ki sou non Unitil. Yo ka itilize tèm "PAs", "Massachusetts PAs" oswa " Administratè Pwogram" pou yo fè referans ak Administratè Pwogram yo nan tout dokiman sa.

<sup>2</sup> Yo ka itilize tèm "Plan 2025-2027", "Plan Twazan an", oswa "Plan an" pou yo fè referans ak Plan Efikasite Enèjetik ak Dekabonizasyon 2025-2027 la nan tout dokiman sa.

<sup>3</sup> Yo ka itilize tèm "Depatman," "DPU," oswa "D.P.U." pou yo fè referans ak Depatman Sèvis Piblik Massachusetts nan tout dokiman sa.

# Etap pa Etap

Plan 2025-2027 lan fonde avèk plis pase de deseni investisman kliyan yo nan efikasite enèjetik ak elektrifikasyon nan Commonwealth la. Pwogram sa yo ki etann yo sou tout teritwa nasyonal la sipòte anviwon 76,000 travay kalite siperyè nan domèn efikasite enèjetik ak elektrifikasyon nan Massachusetts.<sup>4</sup>

<b>Kisa Nou te Fè</b> Depi 2013, nou te:	<b>Kisa Nou Pral Fè</b> Avèk Plan 2025-2027 la, objektif nou se pou nou:
 <p>Sipòte enstalasyon tèmpoanp yo nan plis pase 75,000 kay ak antrepriz (depi 2019), sa gen ladan l tou 6,100 kay ki gen fèb revni.</p>	<p>Sipòte enstalasyon tèmpoanp yo nan plis pase 119,000 kay, sa gen ladan l tou 23,000 kay ki gen fèb revni ak revni mwayen epi plis pase 13,000 lojman lokatif.</p>
 <p>Fè yon travay izolasyon tèmik nan anviwon 350,000 kay, sa gen ladan l tou 70,000 kay ki gen fèb revni.</p>	<p>Fè yon travay izolasyon tèmik nan plis pase 184,000 kay, sa gen ladan l tou plis 75,000 kay ki gen fèb revni ak revni mwayen epi plis pase 51,000 lojman lokatif.</p>
 <p>Diminye 3,7 milyon tòn metrik dyoksid kabòn (CO<sub>2</sub>e) nan emisyon gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo (greenhouse gas, GHG) a, se tankou w t ap retire 800,000 machin nan sikilasyon an pandan yon lane.</p>	<p>Diminye 1 milyon tòn metrik CO<sub>2</sub>e nan emisyon GHG yo.</p>
 <p>Bay plis pase 153 milyon megawat pou chak èdtan (megawatt-hours, MWh) ak 4.7 milya tèmi nan ekonomi enèji, sa ki se ekivalan pwodiksyon mwayèn anyèl senk santral elektrik Brayton Point, ansanm ak \$31 milya avantaj total pou kliyan yo.</p>	<p>Bay 8.3 milyon MWh ak 1.1 milya tèmi nan ekonomi enèji ak \$13 milya avantaj total pou kliyan yo.</p>
 <p>Envesti \$1.1 milya nan amelyorasyon ki diminye bòdwo kouran yo epi amelyore sante, sekirite ak konfò kay ki gen fèb revni yo.</p>	<p>Envesti plis pase \$1.9 milya aksyon nan efò ki gen rapò ak ekite, sa gen ladan l \$1.3 milyon nan ensitasyon yo peye kliyan ki gen fèb revni yo ak plis pase \$615 milyon pou lokatè yo.</p>
 <p>Bay \$6.7 milya dola nan ensitasyon pou kliyan yo.</p>	<p>Bay plis pase \$3.4 milya nan ensitasyon pou kliyan yo.</p>

<sup>4</sup> Massachusetts Clean Energy Center, "Rapò nan ane 2023 sou Sektè Enèji Pwòp Massachusetts," nan paj 17.



## Diminye gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo

1. Favorize elektrifikasyon nouvo batiman yo ak sa ki la deja yo, pandan n ap sipòte enstalasyon tèmponp yo nan 119,000 kay
2. Fè travay izolasyon tèmik nan plis pase 185,000 kay ak ti antrepriz, sa gen ladan l gwo amelyorasyon pou ede ti antrepriz yo gen aksè epi benefisye de pwogram ki disponib yo.
3. Sipòte rediksyon GHG pou kliyan komèsyal ak endistriyèl yo (C&I) nan planifikasyon dekarbonizasyon epi mete batiman ki te la deja yo an sèvis
4. Idantifye nouvo mezi ak apwòch inovan ki fèt espesyalman pou diminye emisyon GHG nan batiman komèsyal yo
5. Mete yon apwòch kowòdone pou reyini finansman elektrifikasyon an ak angajman kliyan an ant PAs pou kouran ak pou gaz
6. Diminye pri pwogram yo pou kliyan yo pandan y ap chèche finansman lòt kote ak lòt mezi pou kontwole pri yo



## Akselere aksè ak pwogram lan pou kliyan yo p ap bay bon sèvis yo epi ki vilnerab yo

1. Ogmante elektrifikasyon epi kontinye elaji aksè ak travay izolasyon tèmik pou kliyan ki gen fèb revni yo
2. Ogmante patisipasyon kliyan ki gen revni mwayen yo pandan n ap diminye obstak kalifikasyon yo, elaji òf lokatè (ansanm ak pwopriyetè yo) ki gen revni mwayen yo, elimine depans ak lajan nan pòch ou pou travay izolasyon tèmik ak elektrifikasyon, rezoud obstak ki gen rapò ak sante epi ak sekirite, epi amelyore eksperyans kliyan yo
3. Ogmante patisipasyon lokatè rezidansyèl yo ak pwopriyete lokatif yo, ki mete yon aksan patikilye sou kominote yo deziyen pou ekite yo
4. Elaji pwosesis patisipasyon pou lokatè ti antrepriz yo, pou pwopriyete yo lwe yo ak pou pwopriyetè yo
5. Sipòte efikasite enèjetik ak amelyorasyon elèktrifikasyon nan lekòl ki nan Commonwealth la, epi mete yon aksan patikilye sou kominote jistis anviwònmanal la
6. Kontinye fè patenarya epi investi nan kominote yo kòm yon estrateji fondasyon pou rive jwenn kliyan yo p ap bay sèvis yo
7. Amelyore sipò pou kliyan ki pito yo ba l sèvis nan yon lòt lang ki pa Anglè (kliyan LOTE yo)<sup>5</sup>

<sup>5</sup> Yon moun ki pito yo ba l sèvis nan yon lòt lang ki pa Anglè, oswa kliyan LOTE, fè referans ak nenpòt moun ki pale, li, ekri, oswa konprann yon lang ki pa Anglè epi ki genyen yon bezwen aksè nan kesyon lang. De jou an jou y ap itilize tèm LOTE a pi plis nan sektè aksè nan kesyon lang lan epi yo te idantifye l tankou yon tèm moun ki idantifye tèt yo antanke sa pi pito. N ap itilize "Kliyan LOTE" nan dokiman Plan sa olye de tèm moun ki pa pale Anglè, kliyan lang Anglè pa nan anviwònman yo, ak moun ki gen Konpetans Limite Anglè nou te konn itilize anvan sa yo.





## Amelyore eksperyans kliyan an

1. Bay yon sipò konplè, multileng pou tout kliyan yo gras ak kreyasyon yon sant kontak nan tout eta a
2. Asire tretman ranbousman yo atan ak amelyoryasyon k ap kontinye yo nan eksperyans tretman ranbousman an
3. Amelyore ekseryans kliyan an nan sa ki konsène elektrifikasyon, kòmanse ak kliyan ki gen fèb revni yo ak revni mwayen yo, ak lokatè nan kominote yo deziyen pou ekite yo
4. Estandadize zouti ak egzijans pakou pwojè pèsonalize C&I a pou kreye yon eksperyans kliyan ki inik
5. Envesti nan devlopman dijital ak amelyorasyon rapò



## Ranfòse epi divèsifye mendèv la

1. Kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center pou ogmante divèsite mendèv la, double finansman anyèl la pou fè l rive jiska 24\$ milyon dola pou chak ane
2. Ogmante divèsite founisè yo, sa gen ladan l adopsyon yon objektif referans k ap depanse 15% nan volim kontra dirèk Mass Save ak plizyè founisè
3. Devlope epi ranfòse yon mendèv solid pou enstalasyon tèmpoponp yo nan Rezo Enstatatè Ponp Tèmik la epi asire livrezon enstalasyon bon kalite fèt nan kay yo ak nan antrepriz yo gras ak jesyon epi fòmasyon kontraktan yo
4. Devlope opòtinite fòmasyon C&I epi mete aksan sou entegrasyon kontwòl ak elektrifikasyon batiman

## Prensipal amelyorasyon yo fè nan Plan 2025-2027 la se:

### Dekabonizasyon

- Evalyasyon Enèji nan Kay ki Remanye ki bay kliyan yo rekòmandasyon ak opòtinite pou yo kontinye fè dekabonizasyon lakay yo.
- Yon eksperyans kliyan ki senp pou favorize yon pi bon adopsyon elektrifikasyon gras ak yon opsyon livrezon ki fèt pou enstalasyon tèmoponp yo, pandan n ap kòmanse an premye avèk kliyan ki gen revni mwayen yo ak lokatè nan kominote yo deziyen pou ekite yo.
- Nouvo òf asistans teknik pou kliyan komèsyal yo pou sipòte yo lè y ap mete batiman ki te la deja yo an sèvis akoutèm epi fè planifikasyon pou dekabonizasyon alontèm.
- Ensitasyon pou nouvo mezi ki pwodui ekonomi GHG ki enpòtan pou kliyan komèsyal ki gwo epi ki mwayen yo, tankou diminye fuit refrijeran yo, pou renovasyon yo epi diminye fuit gaz ki dèyè kontè a, ak ensitasyon pou kliyan komèsyal yo ak pou nouvo konstriksyon rezidansyèl ki asosye ak rediksyon kabòn ki anndan materyèl konstriksyon yo.
- Kreyasyon yon apwòch kowòdone, ki etann li sou tout eta a pou konekte livrezon ak finansman elektrifikasyon.

### Ekite

- Elaji kritè elijiblite pou kliyan ki gen revni mwayen yo pandan n ap konsidere revni medyan eta a ak revni zòn lan epi pandan n ap elaji òf pou kliyan ki gen revni mwayen yo ak lokatè ki ranpli kondisyon revni yo.
- Ogmante rediksyon obstak yo ak sipò elektrifikasyon pou kliyan ki gen revni mwayen yo ak lokatè nan kominote yo deziyen pou ekite yo, sa k ap gen ladan l yon modèl jesyon livrezon pou diminye oswa elimine depans ak lajan nan pòch ou yo epi diminye angajman nan tan yo mande kliyan yo.
- Byen devlope efò ki pou favorize elektrifikasyon nan kay ki gen fèb revni yo. An kolaborasyon ak DOER, anviwon \$72 milyon nan finansman federal pou rediksyon enflasyon nan kad Lwa pou Konbat Enflasyon an pou sipòte elektrifikasyon kliyan ki gen fèb revni ak kliyan ki gen revni mwayen yo.
- Akselere travay izolasyon tèmik yo ak travay elektrifikasyon pou kliyan ki gen yon fèb revni yo pandan n ap elaji lis founisè ki kalifye yo epi pandan n ap bay yon verifikasyon revni ki otonom.
- Ogmante finansman ak aksè nan done pou Asosye Community First yo.
- Sipò ki sible pou dekabonizasyon lekòl yo nan tout Commonwealth la epi mete yon aksan sou kominote jistis anviwònmanal yo.
- Amelyore sipò pou kliyan LOTE yo pandan n ap fè efò pou n bay yon aksè ki konplè nan kesyon lang pandan tout pakou kliyan an.
- Kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center pou ogmante divèsite mendèv la, double finansman anyèl la pou fè l rive jiska 24\$ milyon dola pou chak ane.
- Ogmante sipò ensitasyon pou ti antrepriz san bi likratif yo ak pou lokatè ti antrepriz yo.
- Fè efò pou ogmante divèsite founisè yo, sa gen ladan l etabli yon objektif referans k ap depanse 15% nan volim kontra dirèk ak plizyè founisè.
- Chanjman nan prè HEAT la epi adopte ensitasyon k ap desann lan ki ka diminye depans pwogram yo epi libere finansman pou reponn ak priyorite ekite yo.

### Eksperyans Kliyan

- Bay yon asistans militeng epi ki global ak tout kliyan rezidansyèl yo ak ti antrepriz yo gras ak lansman yon sant kontak nan nivo eta a epi ak yon elajisman pèmanan sant sèvis kliyantèl la nan nivo eta a pou kliyan ki gen ki fèb revni yo.
- Ogmante transparans done yo epi reyòganize rapò yo.
- Estandadize sipò teknik pou kliyan komèsyal yo.
- Mete plis aksan sou pwojè ki konplè yo pou ti antrepriz yo epi asire yo idantifye tout opòtinite yo pandan evalyasyon enèji a.
- Senplifye eksperyans kliyan ti antrepriz yo pandan n ap asire nou founisè ki gen kontra yo ka bay yon kliyan sèvis pou bezwen kouran ak gaz li yo.



# Diminye gaz ki pwovoke rechofman klimatik yo

Lwa sou Solisyon pou Rechofman Klimatik la, jan li te amande a, fikse yon objektif nan tout eta a pou rive jwenn zewo emisyon gaz GHG yo an 2050 epi diminye emisyon gaz GHG yo a omwen 50% pa rapò ak nivo 1990 la an 2030.<sup>6</sup> Pou kontribiye nan reyalizasyon objektif sa yo, plan 2030 pou Enèji Pwòp ak klima a vize diminye emisyon gaz GHG k ap soti nan ekipman chofaj ak klimatizasyon rezidansyèl ak komèsyal yo pandan l ap amelyore travay izolasyon tèmik yo epi elektrifye batiman yo. Plan 2030 pou Enèji Pwòp ak Klima a rekonèt enpòtans pwogram Mass Save yo pou reyalize tranzisyon sa. Daprè efò ki fèt nan tout eta a ak egzijans lalwa sou Solisyon pou Rechofman Klimatik la, sekretè enèji ak zafè anviwonmantal la (Sekretè EEA) te fikse yon objektif rediksyon gaz GHG pou plan 2025-2027 la ki se 1.0 milyon tòn metrik CO<sub>2</sub>e.<sup>7</sup>

**Nou gen objektif pou nou diminye gaz GHG yo gras ak senk estrateji enpòtan:**

## 1. Favorize elektrifikasyon nouvo batiman yo ak sa ki la deja yo, pandan n ap sipòte enstalasyon tèmoponp yo nan 119,000 kay

Lwa sou Klima ki te fèt nan lane 2022 a te ranfòse efò n ap fè yo pou dekarbonizasyon, li te egziye pou yo siprime sipò ak ensitasyon pou fosil gaz yo selon pwogram Mass Save yo, sof nan sitiyasyon ki limite anpil.<sup>8</sup>

Plan an fè elektrifikasyon vin solisyon pa defo pou tout kliyan rezidansyèl yo, lè sa posib, ak baz pou reyalizasyon rediksyon GHG ki te prevwa yo. Pou sipòte efò sa yo, n ap remanye Evalyasyon Enèji Kay yo pou nou bay kliyan yo rekòmandasyon ak opòtinite pou yo kontinye fè dekarbonizasyon an lakay yo. N ap sipòte elektrifikasyon chofaj espas yo ak dlo cho yo, ak aparèy elektwonenaje yo (tankou fou endiksyon, machin pou lave ak machin pou seche rad), epi evalyasyon yo ap ede tou pou enfòme kliyan yo sou amelyorasyon elektrik ki nesèsè pou sipòte elektrifikasyon an, ak posiblite pou rechaje machin elektrik ki itilize enèji renouvlab yo sou plas.

Pandan peryòd avan sa, nou te depoze baz transfòmasyon mache chofaj la ak klimatizasyon an pandan nou t ap sipòte devlopman yon ekosistèm kontraktan, fabrikan ak distribitè espesyalize nan enstalasyon tèmoponp ak klimatizasyon ki nesèsè pou sipòte travay sa a nan Commonwealth la. Pou peryòd 2025-2027 la, n ap kontinye konstui epi ranfòse ekosistèm sa ak objektif pou nou enstale tèmoponp nan 119,000 lojman, sa gen ladan l plis pase 23,000 kay ki gen fèb revni oswa ki gen revni mwayen. Pou nou amelyore eksperyans kliyan an epi diminye obstak pou reyalizasyon an, n ap devlope yon solisyon jesyon (oswa "prè pou itilizasyon") pou kliyan rezidansyèl yo ki vle enstale tèmoponp san yo pa bezwen idantifye epi chwazi yon kontraktan poukont yo. Nan kad apwòch sa, kliyan yo ap gen posiblite pou yo travay ak yon founisè inik pwogram yo ap ba yo pou yo kontinye fè travay izolasyon tèmik lan, diminye obstak yo epi amelyore elektrifikasyon nan kay yo. Founisè a ap jere chak etap pwosesis la epi l ap jere plizyè soutretan yo. Nan yon premye tan, nou prevwa kòmans ak kliyan ki gen revni mwayen yo epi ak lokatè nan kominote yo deziyen pou ekite yo, aprè n ap elaji sèvis sa pou kliyan yo nan pri mache a nan fen peryòd twa lane a. Nou panse kreyasyon sèvis ki prè pou itilizasyon ap ede kliyan yo jere depans ki lye ak dekarbonizasyon yo.

Anplis n ap bay posiblite ak kliyan rezidansyèl ki chwazi pwòp founisè enstalasyon yo pou yo apwouve alavans pwojè tèmoponp yo a anvan enstalasyon an. Apwobasyon alavans lan pèmèt nou asire nou kliyan yo konprann kondisyon elijibilite yo depi nan kòmansman epi enstale tèmoponp ki elijib pou mezi ensitasyon yo. Apresa, n ap pwopoze konsiltasyon anliy pou dekarbonizasyon an yon fason pou ede kliyan yo pran desizyon ki eklere lè yo ap fè plan pou enstale yon tèmoponp, pandan n ap ede yo konpare pri enstalasyon yo. Pou fini, nou ap remanye pwogram rezidansyèl pou kay ki nèf ak pou reparasyon yo yon fason pou fè konstriksyon ki elektrik vin premye opsyon pou kay nèf ki konstui nan Commonwealth la.

<sup>6</sup> Konsilte Lwa 2008 yo, c. 298 (Global Warming Solutions Act) jan li amande ak Lwa 2012, c. 209; Lwa 2018, c. 227 § 20; Lwa 2021, c. 8; Lwa 2022, c. 179.

<sup>7</sup> Konsilte Lèt Sekretè EEA a pou Administratè Pwogram yo ki etabli yon egzijans rediksyon emisyon GHG yo pou Plan Efikasite Enèjetik Mass Save 2025-2027, 1ye Mas 2024.

<sup>8</sup> Konsilte Lwa ki Favorize Enèji Pwòp ak Enèji Ewolyèn sou Lanmè (Act Driving Clean Energy and Offshore Wind), Lwa 2022, c. 179, § 26 (Lwa sou klima 2022).

## 2. Fè travay izolasyon tèmik nan plis pase 185,000 kay ak ti antrepriz, sa gen ladan l gwo amelyorasyon pou ede ti antrepriz yo gen aksè epi benefisye de pwogram ki disponib yo.

Efikasite enèjetik ak izolasyon tèmik enpòtan anpil pou diminye itilizasyon enèji ak emisyon gaz, pou kenbe nivo konfò a epi pou diminye bòdwo enèji pou kliyan yo. Efikasite enèjetik se baz tou pou jere depans sistèm elektrifikasyon an pandan w ap diminye volim investisman nan enfrastrikti ki nesèsè pou fè tranzisyon nan chofaj ak refwadisman elektrik yo. Daprè otorite konpetant nou an, n ap kontinye chèche tout ekonomi enèji ki disponib epi ki efikas yo, pandan n ap mete aksan prensipal sou sèvis izolasyon tèmik lan ak estrikti batiman yo pou plis pase 185,000 kay ak ti antrepriz.

Pou favorize adopsyon mezi izolasyon tèmik nan ti antrepriz yo, n ap rele plis founisè sèvis izolasyon tèmik nan kad Opsyon Kliyan an ap Dirije a epi n ap fè efò pou nou amelyore konpetans founisè yo pou yo kapab idantifye epi reyalize pwojè izolasyon tèmik bon kalite. Epi, n ap senplifye pwosesis izolasyon tèmik pou founisè yo pandan n ap fè plis pwojè ki gen enstriksyon pandan n ap fasilite fason pou yo kalkile pwojè pèsonalize yo gras ak zouti ekspès ki pèsonalize ki disponib pou kominote kontraktan an. Pou nou fini, n ap sipòte plis pwojè izolasyon tèmik pou ti antrepriz yo, pou kliyan k ap lwe etablisman yo ak pou kèk òganizasyon san bi likratif, pandan n ap ogmante mezi ensitasyon yo.



## 3. Sipòte rediksyon GHG pou kliyan C&I yo nan fè planifikasyon pou dekarbonizasyon epi nan mete batiman ki te la deja yo an sèvis

Nou angaje nou pou nou ede kliyan C&I yo pou yo dekarbonize. Nan kad plan sa, evalyasyon enèjetik yo ap kouvri ni efikasite enèjetik ni elektrifikasyon, yon fason pou ede kliyan yo elabore estrateji dekarbonizasyon pou batiman yo. Estrateji sa ap mete aksan sou patisipasyon nan pwogram tranzisyon an k ap sòti nan yon gadjèt, modèl “ploge epi jwe” pou l pase nan yon apwòch konplè, ki estratejik, nan tout pòtfolyo a pou ogmante itilizasyon enèji nan sistèm batiman yo.

N ap ede gwo oswa mwayen kliyan C&I yo fè ekonomi pandan n ap mete yon sipò amelyore pou mete an sèvis batiman ki te la deja yo. Efò sa ap pèmèt nou fè ekonomi akoutèm pandan n ap ogmante pèfòmans kontwòl yo ak ekipman ki te la deja yo, pandan n ap idantifye posiblite yo, nan yon pakèt evalyasyon oswa etid teknik, pou nou mete sou pye nouvo mezi investisman tankou modènizasyon kontwòl yo ak amelyorasyon estrikti batiman yo.



Anplis, n ap ajoute nouvo sèvis pou ede kliyan yo evalye batiman yo nan nivo pòtfolyo yo epi ogmante sipò pou etablisman ki dwe fèt dapre òdonans rediksyon emisyon GHG yo tankou Òdonans Rediksyon ak Divilgasyon Emisyon Gaz nan Batiman Boston (Boston's Building Emissions Reduction and Disclosure Ordinance, BERDO), Òdonans Divilgasyon Itilizasyon Enèji nan Batiman Cambridge (Cambridge's Building Energy Use Disclosure Ordinance, BEUDO), ak nouvo egzijans eta a konsènan rapò sou enèji batiman pou tout lòt batiman ki gen yon dimansyon ki depase 20,000 pye kare (square feet). Pou vil ak vilaj ki bezwen plis èd pou fikse epi pou atenn objektif dekarbonizasyon nan batiman minisipal yo, n ap bay yon sipò finansye pou kominote yo anplwaye yon jesyonè minisipal enèji ki devwe.

#### **4. Idantifye nouvo mezi ak apwòch inovan ki fèt espesyalman pou diminye emisyon GHG nan batiman komèsyal yo**

Pou ede kliyan C&I yo plis pwogrese sou wout dekarbonizasyon an, n ap ankouraje mezi ki ap rezilta gwo ekonomi GHG. Men egzanp n ap jwenn nan tip mezi sa yo, diminye fuit refrijeran yo ak renovasyon epi diminye fuit gaz ki dèyè kontè a. Anplis, nou ankouraje tou nouvo mezi pou diminye kabòn ki nan materyo konstriksyon yo ni pou kliyan C&I yo, ni pou nouvo konstriksyon rezidansyèl yo. Nan kèk tip batiman, mezi rediksyon gaz GHG sa yo kapab pi efikas yo epi yo ka genyen yon peryòd pou w mete yo sou pye ki pi kout, ede kliyan yo fè pwogrè imedyà nan sa ki konsène rediksyon emisyon yo.

#### **5. Mete yon apwòch kowòdone pou reyini finansman elektrifikasyon an ak angajman kliyan an ant PAs pou kouran ak pou gaz**

N ap mete sou pye nan tout eta yon nouvo modèl pou alafwa finanse epi lanse pwojè elektrifikasyon C&I ki gen enstriksyon yo ak pwojè ranbousman rezidansyèl k ap senplifye epi amelyore eksperyans kliyan an epi asire finansman an disponib pou kliyan tout tip gaz ki gen yon kont kouran oswa yon kont gaz avèk omwen yon PA. Nan kad modèl sila a, n ap gen on sèl founisè tretman remiz yo atravè tout eta a pou tout PAs yo epi n ap mete an plas yon pataj enfòmasyon ant PA yo pou kliyan ki gen plizyè PA yo. Sa a ap redui nan konfizyon konsomatè yo epi amelyore eksperyans kliyan yo lè nou asire nou kliyan rezidansyèl yo jwenn bon moun nan byen rapid lè yo bezwen èd oswa lè y ap konfwonte pwoblèm avèk ranbousman yo a. Apwòch konjwen sila a ap asire li tou nou ka komèsyalize epi enfòme kliyan nou yo sou elektrifikasyon pi byen, kèlkeswa tip konbistib chofaj la oswa kwazman teritwa sèvis yo.

N ap ankouraje nouvo mezi pou kliyan C&I yo ki ap rezilta gwo ekonomi GHG, tankou diminye fuit refrijeran yo ak renovasyon, diminye fuit gaz ki dèyè kontè a epi diminye kabòn ki nan materyo konstriksyon yo.

Nouvo modèl sa ap pèmèt yon pataj ak yon repatisyon ekitab tou pou pri yo, ekonomi yo, ak rediksyon emisyon GHG yo ant PAs pou kouran ak pou gaz nan kad pwojè elektrifikasyon ki gen enstriksyon yo. Pataj sa ap ede diminye pwoblèm efikasite ki gen rapò ak konvèsyon gaz an kouran. Pou kliyan komèsyal yo, y ap pataje depans etid yo tou, ak rapò ki nan yon baz done santral ki aksesib ni pou PA kouran ak pou gaz yo.


Anplis, PA kouran an ap dirije angajman kliyan pou pwojè elektrifikasyon pèsonalize C&I yo— sa ki elimine risk pou aktivite sansibilizasyon yo ak konfizyon yo kwaze nan teritwa sèvis konjwen yo. Apwòch sa ap pèmèt yon pataj ak yon repatisyon ekitab tou pou pri yo, ekonomi yo, ak rediksyon emisyon GHG yo ant PAs pou kouran ak pou gaz nan kad pwojè elektrifikasyon ki gen enstriksyon yo.

## 6. Diminye pri pwogram yo pou kliyan yo pandan y ap chèche finansman lòt kote ak lòt mezi pou kontwole pri yo

Nou konsyan pri Plan sa wo, se sa k fè n ap kontinye chèche finansman lòt kote yon fason pou n kenbe menm pri yo epi pou n sipòte efò nou yo pou dekarbonizasyon epi diminye chay la sou do kliyan yo. PAs yo ap etabli yon gwoup travay sou lòt finansman yo ak DOER, AGO ak lòt asosye kle yo pou idantifye epi pou kontinye chèche sous finansman siplemantè pou pwogram yo ak pou patisipan nan pwogram lan. Sous lòt finansman yo pou peryòd 2025-2027 la gen ladan l, men li pa limite ak, pwodui vant ozanchè Regional Greenhouse Gas Initiative, revni ki asosye ak patisipasyon Forward Capacity Market, Independent System Operation in New England ap administre, finansman pwogram federal Weatherization Assistance Program pou ranplase ak repare sistèm chofaj yo epi fè izolasyon tèmik an ijans nan kay ki gen fèb revni yo, finansman lwa federal Inflation Reduction Act pou elektrifikasyon kliyan ki gen fèb revni yo ak kliyan ki gen revni mwayen yo, ak finansman lwa federal bipatizàn Inflation Reduction Act pou enstale batri pou kliyan ki gen fèb revni yo ak kliyan ki gen revni mwayen yo. PAs yo enpasyon pou yo travay ak DOER epi ak Massachusetts Clean Energy Center pou eksplòre opòtinite pou yo tou de bay enèji solèy ak elektrifikasyon an kolaborasyon ak Solar for All Initiative.

Ogmante to enterè a, ansanm ak gwo depans pou amelyorasyon elektrifikasyon an, enpakte ogmantasyon pri prè HEAT pou peryòd 2022-2024 la. Nan efò n ap fè pou n diminye pri prè HEAT la, nou te diminye limit prè a jiska \$25,000 pou chak prè epi nou te kreye nouvo peryòd prè ki pi kout pou kliyan ki gen revni ki pi wo yo. Gras ak yon evalyasyon mwayen yo, PAs yo ap asire yo kay k ap fè mwens kòb yo ka kontinye gen aksè ak prè HEAT la nan yon to enterè 0% sou 7 an.<sup>9</sup> N ap travay tou pou nou ankouraje lòt opòtinite finansman ak Massachusetts Climate Bank yon fason pou nou diminye kantite Prè HEAT yo epi eksplòre opòtinite pou negosye yon rediksyon to enterè ak kreyansye yo ki gen rapò ak nivo aktyèl yo epi anvizaje posiblite pou etabli mekanis rediksyon risk (sa gen ladan l, men li pa limite ak, yon rezèv pèt sou prè) pou ede sipòte rediksyon konsa yo. Epi, n ap etabli yon gwoup travay ak asosye yo k ap gen ladan l AGO, DOER ak ekip Konsiltan Konsèy la, pou eksplòre posiblite pou diminye pri prè HEAT yo, sa gen ladan l posiblite pou w gen aksè ak lòt kapital.

Epi, nou te adopte yon estrikti ensitasyon k ap desann pou ensitasyon ki gen rapò ak tèmoponp rezidansyèl yo sou dire a nan objektif pou diminye pri kliyan yo peye. Nou prevwa pou nou bese nan pri livrezon tèmoponp yo depi yo fin popilè. Rediksyon sa yo ap pèmèt nou kontwole pri yo epi y ap ede nou libere bidjè a pou lòt priyorite Plan nan sa ki konsène ekite. Nan menm moman sa tou, n ap bay sipò pou yon pi gwo transparans pou pri travay enstalasyon tèmoponp yo gras ak kreyasyon yon kalkilatè tèmoponp ki amelyore—ki ta dwe pèmèt kliyan yo chwazi òf ki mwen chè ki reponn ak bezwen yo a. N ap itilize jesyon pri tou pou ede diminye pri ki asosye ak nouvo modèl tèmoponp yo epi n ap eliminye obstak yo, ansanm ak ekspansyon òf san kliyan ki gen revni mwayen yo p ap peye ak lokatè nan kominote yo deziyen pou ekite yo. Pou fini, n ap kontinye fè efò pou diminye pri yo, sa gen ladan l kolaborasyon ak pataj resous yo, itilize acha konkiransyèl ak gwo efò kontwòl k ap fèt sou kalite ak enspeksyon.




N ap travay avèk DOER pou jwenn finansman Lwa federal sou Rediksyon Enflasyon pou lektrifikasyon kliyan ki gen fèb revni yo ak kliyan ki gen revni mwayen yo..

<sup>9</sup> PAs ap kontinye bay yon delè ranbousman 7-an ak 0% enterè pou kay k ap fè sòti nan 81% pou rive nan 135% revni medyan eta a ("SMI"). Kay kliyan k ap fè 135% jiska 300% SMI epi sa k ap fè plis pase 300% SMI ap elijib pou prè k ap dire 5-an ak 3-an ak yon to enterè 0% pou yo chak.



# Akselere aksè ak pwogram lan pou kliyan yo p ap bay bon sèvis yo epi ki vilnerab yo



Nan plan sa, n ap devlope angajman nou nan sa ki konsène ekite epi n ap mete jistis distribitiv antanke yon eleman kle nan pwogram konsepsyon epi nan pwogram n ap gen pou n mete sou pye yo. Rekonèt ka gen plizyè definisyon ak plizyè itilizasyon pou peryòd sa yo, nan kontèks sèvis dekarbonizasyon an ak efikasite enèjetik y ap bay nan pwogram Mass Save yo, nou defini ‘jistis distribitiv’ tankou yon angajman pou ankouraje yon distribisyon avantaj ak chay ki jis epi ki ekite pou tout kliyan yo, pandan n ap sipòte epi n ap bay priorite ak bezwen kliyan ki gen yon pase yo fè yo p ap ba yo bon sèvis, ki chaje ak defi ekonomik, inegalite rasyal, enpak anviwònman ki negatif ak disparite nan sa ki konsène jistis. Pou plan 2025-2027 la, nou pwopoze pou nou investi plis pase \$1.9 milya pou amelyorasyon efikasite enèjetik ak elektrifikasyon pou kliyan ki gen fèb revni<sup>10</sup> ak pou kominote ak gwoup kliyan yo p ap bay bon sèvis yo, sa gen ladan l kliyan ki gen revni mwayen yo, lokatè yo, kliyan LOTE yo ak ti antrepriz yo. Pandan nou rekonèt jistis distribitiv la se yon travay ki ankou li ye, nou panse aktivite ak òf plan sa pwopoze yo reprezante yon angajman ki fò epi ki vle di anpil bagay pou ekite ak pou amelyorasyon k ap kontinye. Nou rekonesan anpil pou tout asosye yo, sa gen ladan l EWG, pou tan li, efò li yo ak pou angajman l pandan pwosesis devlopman Plan epi nou enpasyon pou n kontinye travay avèk yo pandan pwochen peryòd la yon fason pou n atenn objektif nou te fikse yo epi pou n idantifye amelyorasyon siplemantè nan ankouraje distribisyon avantaj efikasite enèjetik ki jis epi ki ekite.

**Pou peryòd 2025-2027 la, objektif nou se akselere aksè nan pwogram lan pou kliyan yo p ap bay bon sèvis yo epi ki vilnerab yo gras ak sèt estrateji kle sa yo:**

## 1. Ogmante elektrifikasyon epi kontinye elaji aksè ak travay izolasyon tèmik pou kliyan ki gen fèb revni yo

Pandan Commonwealth ap fè tranzisyon nan yon chofaj elektrik ki efikas anpil, li enpòtan pou kliyan ki gen fèb revni yo—espesyalman kliyan k ap fè chofaj ak gaz yo livre yo—gen yon opòtinite pou yo gen kouran. An kolaborasyon ak rezo ajans Pwogram Aksyon Kominotè (CAP) a, n ap kontinye pwopoze pwogram san kliyan an p ap peye pou kliyan ki gen fèb revni yo. N ap asire nou tou elektrifikasyon se solisyon chofaj pa defo pou kliyan ki gen fèb revni yo k ap fè chofaj ak rezistans elektrik oswa ak gaz yo livre yo paske sa yo se sitiyasyon kote elektrifikasyon an p ap ogmante chay enèji yo. Epi, n ap travay ak Executive Office of Housing and Livable Communities (EOHLC) pou sipòte konvèsyon gaz an kouran pou kliyan ki gen fèb revni k ap viv nan lojman sibvansyone yo, kote y ap ajiste alokasyon sèvis piblik yo pou reponn ak diferans pri yo ant chofaj gaz ak kouran epi elimine pwoblèm chay enèji pou kliyan sa yo. Nan kad Plan 2025-2027 la, PAs ak ajans ki gen patenarya ak CAP yo gen objektif pou fè izolasyon tèmik

<sup>10</sup> Yo defini kliyan ki gen revni fèb kòm moun ki touche jiska 60 pousan revni medyan eta a epi k ap viv nan 1-4 kay fanmi yo ak moun ki touche jiska 60 pousan revni medyan nan zòn nan epi k ap viv nan bilding ki gen plis pase 5 inite pou plizyè fanmi. Kliyan a revni fèb yo souvan refere nan dokiman Mass Save Program nan antanke “kliyan ak revni ki elijib,” paske yo kalifye pou kèk sèvis asistans siplemantè. “Revni fèb” ak “revni elijib” itilize yon manyèr altèn nan dokiman sila a pou fè referans a kliyan sa yo.

pou plis pase 42,000 kay ki gen fèb revni epi enstale tèmoponp nan plis pase 16,000 lojman ki gen fèb revni. Objektif sa reprezante anviwon 50 pousan kwasans ki konpare ak ane pase a nan enstalasyon tèmoponp nan kay ki gen fèb revni pandan peryòd la epi l ap mande gwo envestisman siplemantè nan travay izolasyon tèmik ak rediksyon obstak yo pou prepare kay sa yo pou elektrifikasyon. Pou amelyore eksperyans kliyan yo epi diminye kantite tan ki nesèsè pou bay kategori kliyan sa sèvis, n ap kontinye soutni Action for Boston Community Development, (Aksyon pou Devlopman Kominotè Boston, ABCD's) nan eksplwatasyon Sant Sèvis Kliyantèl la nan tout Eta a epi n ap mete yon sistèm kalifikasyon revni disponib pandan tout ane a ki pa gen rapò ak pwosesis demann èd pou gaz la. Epi, n ap travay ak EOHLC pou elaji pataj otomatize done yo sou elijiblite katègoryèl, sa k ap ede w ogmante enskripsyon sou to rabè a epi ogmante kantite kliyan ki elijib pou sèvis yo nan kad pwogram pou kliyan ki gen fèb revni yo.

Pou asire yo gen ase mendèv ki pou byen mennen ogmantasyon nan sèvis la, ABCD ak Action, ap kontinye eksplwate kapasite ak resous kontraktan ak founisè yo nan pwogram to mache a sou tout teritwa Eversource ak National Grid pou bay sèvis nan kad pwogram pou kliyan ki gen fèb revni yo. Ajans lokal CAP yo ap ogmante kapasite yo nan rekrute pèsonèl siplemantè. PAs, ABCD ak Action, Inc. ap egzamine epi l ap ranfòse pwosesis travay yo tou, tankou avèk nouvo founisè sa yo, pou asire yo y ap jere pwojè yo yon fason ki efikas pandan y ap asire yo enstalasyon yo se enstalasyon kalite pou gwoup kliyan sa ki vilnerab la.

## 2. Ogmante patisipasyon kliyan ki gen revni mwayen yo

N ap devlope definisyon "revni mwayen"<sup>11</sup> pou konsidere alafwa revni mwayen eta ak revni mwayen rejyon an epi mete pwopozisyon revni mwayen an disponib pou pwopriyetè ki gen lokatè yo ki ranpli kritè revni sa yo. Chanjman sa yo ap ogmante kantite kliyan elijib pou pwopozisyon revni mwayen nou yo epi y ap diminye difikilte kalifikasyon nan pwogram lan lè nou adopte kritè ki itilize nan anpil pwogram federal ak leta, tankou èd pou lojman.

Pou nou diminye depans ak lajan k ap sot nan pòch yo epi pou nou retire obstak patisipasyon yo, n ap bay travay izolasyon tèmik san yo p ap peye, n ap elimine obstak yo epi n ap bay elektrifikasyon pou kliyan ki gen revni mwayen yo. Mezi sa yo t ap aplike gras ak yon solisyon ki prè pou itilizasyon ki ap senplifye eksperyans kliyan an, k ap asire enstalasyon kalite epi k ap jere depans yo. Pou nou plis diminye obstak pou kalifikasyon yo, nou pwopoze tou pou kliyan ki gen revni mwayen yo kalifye pou travay izolasyon tèmik san yo p ap peye pandan y ap ateste poukont yo revni ak gwo sa yo.<sup>11</sup> Gras ak efò sa yo, nou gen objektif pou nou fè travay izolasyon tèmik nan anviwon 33,000 lojman pou kliyan ki gen revni mwayen yo epi sipòte elektrifikasyon pou prèske 7,000 lojman pou kliyan ki gen revni mwayen yo nan tout eta a. Pou pwoteje kliyan a revni mwayen yo kont ogmantasyon depans enèjetik yo, efò elektrifikasyon nou yo ap baze sou kliyan ki itilize chofaj ak chalè elektrik, lwil ak pwopan.

## 3. Ogmante patisipasyon lokatè rezidansyèl yo ak pwopriyete lokatif yo, ki mete yon aksan patikilye sou kominote yo deziyen pou ekite yo

Pou sèvi yon fason ki pi konplè lokatè rezidansyèl yo ak pwopriyete pou lokasyon yo, nou ap bay pwoteksyon metewolojik ak efikasite enèjetik gratis, jesyon baryè, ak elektrifikasyon pwopriyete y ap lwe nan kominote ekite yo deziyen kote elektrifikasyon pa pral ogmante fado enèji lokatè yo epi otomatikman kalifye tout pwopriyete ki gen plis pase 50% inite lokasyon nan kominote sa yo pou òf la. Sa a pral gen ladan kowòdinasyon (oswa "yon solisyon fasil") livrezon sèvis yo pou adrese limit tan, jere depans yo, ak amelyore eksperyans kliyan an, osi byen ke kontak ak pwopriyete yo. Pou ede pwoteje kont fado enèji ki ogmante, pwopriyete yo pral oblije siyen yon fòm—menm jan ak sa ki ekzije kounye a nan pwogram revni ba a—ki angaje yo pou yo pa ogmante lwaye oswa mete lokatè yo deyò pou yon peryòd apre yo resewa frè pwogram yo.

Nou te travay an kolaborasyon avèk DOER ak EWG pou etabli kritè yo epi chwazi kominote ekite yo deziyen pou Plan 2025-2027 la. Nou te chwazi kominote kote: (1) plis pase 35 pousan nan popilasyon an se lokatè;

<sup>11</sup> Kliyan ki gen revni modere yo, yo ka mande yo pou yo verifike revni yo pou yo ka jwenn aksè nan alèjman baryè ak elektrifikasyon gratis.

(2) te gen plis pase 8,000 lokatè; epi (3) plis pase 50 pousan nan popilasyon an gen revni ki ba oswa modere. Pwosesis la te lakòz seleksyon 21 kominote, tankou: Boston, Brockton, Chelsea, Everett, Fall River, Framingham, Fitchburg, Lawrence, Lowell, Lynn, Malden, New Bedford, Oak Bluffs, Pittsfield, Quincy, Revere, Salem, Springfield, Tisbury, Woburn, ak Worcester.<sup>12</sup>

Andeyò kominote sa yo, nou pral kontinye bay pwoteksyon metewolojik ak efikasite enèjetik gratis, ak frè ki amelyore pou bese baryè avan move tan yo. An total, Plan an gen ladan yon investisman rekò ki gen plis pase \$615 milyon ki dedye pou sèvi lokatè yo.

## **4. Elaji pwosesis patisipasyon pou lokatè ti antrepriz yo, pou pwopriyete yo lwe yo ak pou pwopriyete yo**

Nou ap desine nouvo chemen pou rann li pi fasil pou ti biznis lokatè ak pwopriyete yo travay ansanm sou pwojè ekonomize enèji yo. Piske envestisman alontèm tankou ponp chalè ak klimatizasyon enplike angajman tou de lokatè ak pwopriyete yo, nou pral kreye nouvo frè ankourajman ak pwosesis senplifye pou benefisye tou de pati yo. Pou pwopriyete yo, nou pral lanse yon estrateji angajman vize pou gen plis bilding ki an lokasyon ki patisipe nan pwogram nou an epi rasyonnalize pwosesis patisipasyon an, ki gen ladan opsyon pou jere plizyè kont nan yon sèl bilding. Lokatè yo ap gen aksè a resous tou sou yon nouvo paj wèb Mass Save Renters, ki ede yo apwoche pwopriyete yo sou amelyorasyon enèji efikas epi konprann frè ankourajman ki disponib yo. Efò sa yo, ki gen ladan l yon konsantrasyon sou kliyan LOTE yo, fèt pou rann avantaj efikasite enèji a aksesib epi atire tou de lokatè bilding yo ak pwopriyete yo.

## **5. Sipòte efikasite enèjetik ak amelyorasyon elèktrifikasyon nan lekòl ki nan Commonwealth la, epi mete yon aksan patikilye sou kominote jistis anviwònmanal la**

Nou pral travay avèk DOER ak lòt moun ki gen enterè yo pou sipòte amelyorasyon efikasite enèji ak dekarbonizasyon nan lekòl nan kominote jistis anviwònmanal la atravè de òf. Premyèman, ansanm ak sipò lòt ajans leta yo, nou pral ede dekarbonize konplètman senk lekòl nan kominote jistis anviwònmanal la an ki pral sèvi kòm modèl pou sipòte yon tranzisyon pwòp e ekita pou lekòl piblik nou yo. Nou pral sipòte direksyon DOER nan seleksyon senk lekòl yo epi ede kominote yo chèche lòt finansman, tankou pwogram ponp chalè Massachusetts School Building Authority a (MSBA) ak sibvansyon MassCEC Green School Works. Dezyèmman, PA yo pral lanse yon òf pou ede tout lekòl k-12 k ap patisipe nan pwòp inisyativ dekarbonizasyon pa yo. Efò sa yo pral gen ladan sipò pou nouvo administratè enèji minisipal yo, sipò pou ekri sibvansyon ak frè ankourajman amelyore ak asistans teknik. Anplis de sa, PA yo ap bay anplwaye ansanm ak fòmasyon pwofesè Mass Save K-12, epi y ap fè atelye pou elèv yo pou yo entegre enèji pwòp nan objektif aprantisaj yo pandan y ap angaje yo nan amelyorasyon bilding yo. Apwòch PA nan dekarbonizasyon lekòl yo rekonèt seri finansman ki ka sipèpoze pafwa ki disponib pou lekòl ki soti nan diferan antite etatik ak diferan sous. Ansanm ak efò lidèchip DOER yo, PA yo ap kolabore ak yon gwoup travay ant ajans ki gen ladan Biwo Klima, MSBA, ak MassCEC, pou aliman priyorite ak òf pwogram yo, kondisyon patisipasyon yo, pwosesis aplikasyon yo ak lòt lojistik pou asire yon eksperyans rasyonnalize pou jwenn aksè nan sipò dekarbonizasyon sa a ki nesesè anpil.

<sup>12</sup> Unitil, Berkshire Gas, ak Liberty ka limite elijiblite yo pi devan nan kominote sa yo nan teritwa sèvis yo lè yo konsantre sou sèten blòk resansman ki lye ak jistis anviwònmanal lan.



## 6. Kontinye fè patenarya epi investi nan kominote yo kòm yon estrateji fondasyon pou rive jwenn kliyan yo p ap bay sèvis yo

Plan 2025-2027 la siyifikativman ranfòse angajman nou nan travay ak patnè kominotè yo nan apwofondi efò nou yo pou bay kontak ak angajman miltileng epi ki kiltirèlman sansib. Apwòch sa a enpòtan anpil nan ogmante konsyantizasyon ak patisipasyon nan pwogram efikasite enèjik la, patikilyèman nan kominote ekite deziyen ki gen anpil popilasyon antanke kliyan ki gen revni ba ak modere, lokatè, ak kliyan LOTE. An repons a rekòmandasyon EWG yo, nou ap ogmante alafwa bidjè a ak fleksibilite pou CFP yo. Sa ap pèmèt CFP yo adapte estrateji sansibilizasyon yo yon fason pi efikas, kenbe anplwaye ki kalifye yo, ak konsepsyon inisyativ maketing ki vrèman an rezonans a rezidan yo ak pwopriyetè ti biznis yo. Nou pral bay sipò ak fòmasyon tou pou vandè prensipal CFP yo ak defansè enèji yo, frè ankourajman ak opòtinite pou ti biznis pou abouti a evalyasyon plis ti biznis.

Nou rekonèt konesans inik òganizasyon kominotè ak minisipalite sa yo posede epi nou pran angajman pou ba yo plis pouvwa, nou fè sa pandan n ap amelyore pataj done ant vandè yo ak kominote yo, sipòte plis sansibilizasyon ki sible, epi mennen yon ogmantasyon siyifikatif nan patisipasyon pami gwoup ki pa sèvi yo. Inisyativ sa yo ranfòse sipò pou CFP yo epi yo fè pati angajman pou yon distribisyon ekite, asire ke tout kominote yo gen opòtinite pou yo patisipe totalman nan avni enèji efikas ke nou ap ko-kreye a. Modèl patenarya amelyore sa a non sèlman rekonèt enpòtans ekspètiz lokal yo, men li enpòtan anpil pou reyalize prensip distribisyon ekite yo, lè yo asire yo ke avantaj efikasite enèjetik yo distribiye yon fason ki pi ekite, sitou pami moun ki istorikman pa konn abitye jwenn sèvis yo. Anplis, atravè sibvansyon Mass Save Community Education nou an, n ap kontinye agrandi angajman kominotè nou an, pandan n ap met aksan sou kominote ekite yo, gras ak edikasyon sou enèji efikas ak pwogram alfabetizasyon asosye ak yon sipò pou maketing ak fòmasyon. Inisyativ ekite Plan 2025-2027 la, ki enfòmè pa EWG a, reprezante yon efò konsètè pou adrese alafwa nouvo defi ak bezwen kontinyèl yo.

## 7. Amelyore sipò pou kliyan LOTE

Plan an bay plis sipò pou kliyan LOTE nan amelyore aksè nan lang pandan tout vwayaj kliyan an ak nou, ki gen ladan tradiksyon materyèl, sèvis entèprèt, ak anplwaye ki pale plizyè lang. Nou te travay ak vandè yo pou devlope estrateji ki lye ak lang moun yo pale pou pwogram rezidansyèl yo ak pwogram ti biznis yo, kòmanse ak senk lang ki pi souvan pale nan Massachusetts ki pa angle, ki gen ladan Panyòl, Pòtigè, Mandarin, Kantonè, ak Kreyòl Ayisyen. Yo te idantifye lang sa yo dapre rezilta etid la kòm zòn ki gen bezwen ki plis imedya epi ki pi gwo pou amelyore epi favorize aksè nan lang yo. Etid la ak rekòmandasyon yo te pibliye antanke bouyon nan mwa jen. Nou pran angajman pou nou aplike rekòmandasyon yo epi n ap travay pou nou antre yo nan pwogram yo. CFP yo pral bay sipò lang adisyonèl tou nan kominote kote yo pale lòt lang. Nan kad efò sa yo, Sant Sèvis Kliyan LEAN Statewide ak Sant Contact Mass Save Statewide pral pozisyonè pou yo sèvi kliyan LOTE yo nèt.



# Amelyorasyon eksperyans kliyan an



Nan moman an, kliyan yo ap fè fas a difikilte pou yo gen aksè a resous asistans apwopriye pou ede yo konprann divès opsyon dekarbonizasyon pou kay oswa ti antrepriz yo genyen, etap ki nesèsè pou mete yo sou pye yon fason ki efikas ak fason pou yo gen aksè san pwoblèm ak èd pwogram yo ak ensitasyon finansye yo. Difikilte sa yo kapab tounen obstak pou patisipasyon an epi limite posiblite pou kliyan yo adopte solisyon dekarbonizasyon batiman ki esansyèl pou atenn objektif Commonwealth la nan sa ki konsène klima a ak enèji pwòp la.

**Pou atenn yon gwo nivo patisipasyon kliyan yo ki nesèsè pou reyalize objektif dekarbonizasyon Commonwealth la, nou prevwa mete sou pye nouvo amelyorasyon yon fason pou senplifye eksperyans kliyan an epi ogmante patisipasyon nan pwogram yo. Objektif nou se pou nou livre epi amelyore eksperyans kliyan yo gras ak senk estrateji kle sa yo:**

## 1. Bay yon sipò konplè, multileng pou tout kliyan yo gras ak kreyasyon yon sant kontak nan tout eta a

Pou konplete sant sèvis kliyantèl LEAN ABCD a pou kliyan ki gen revni ki ba yo jan yo dekri sa pi wo a, n ap lanse yon nouvo sant kontak nan nivo eta a pou bay kliyan rezidansyèl ak ti antrepriz ki nan eta a yon sipò konplè konsènan tout sèvis ki lye ak efikasite enèjetik ak elektrifikasyon.<sup>13</sup> Sipò sa a ap gen ladan konsèy pou kliyan k ap fenk kòmanse pakou dekarbonizasyon yo ki vle jwenn enfòmasyon sou ki kote ak kijan pou yo kòmanse ak sou divès solisyon ki kapab disponib pou kay ak ti antrepriz yo. Sant kontak n ap gen nan eta a ap ede tou kliyan ki gentan genyen yon objektif espesifik nan tèt yo, tankou elektrifikasyon kay yo, epi ki vle konnen kijan yo kapab gen aksè ak pwogram Mass Save yo pou sipòte plan yo a.

Sant kontak n ap gen nan eta a ap gen ladan espesyalis pwogram nan ki konnen tout sèvis Mass Save yo epi ki kapab bay èd yo sou sijè tankou oryantasyon pwogram nan, evalyasyon enèji domestik yo, prè HEAT yo, Prè pou ekonomize enèji Massachusetts Climate Bank lan, konsiltasyon sou dekarbonizasyon, kredi enpo enpòtan oswa mezi ensitatif federal yo ak estati pou yon rabè. Pèsonèl sant lan tou ap fòme epi gen ekipman pou ede kliyan yo gen aksè ak mezi ensitatif andeyò pwogram Mass Save yo, tankou mezi ensitatif pou machin elektrik ak enstalasyon enèji solèy desantralize. Kliyan yo kapab gen aksè ak resous konplè sa yo nan telefòn, mesaj tèks ak imèl

<sup>13</sup> Sant apèl pou sèvis kliyan ki deja egziste Compact a pral ofri efò sa yo epi l ap kowòdone ak Sant Kontak nan tout Eta a pou asire yon eksperyans kliyan san pwoblèm.

## 2. Asire tretman ranbousman yo atan ak amelyoryasyon k ap kontinye yo nan eksperyans tretman ranbousman an

Nou trete anviwon 300 000 ranbousman chak ane. Pou reponn ak demann sa a epi kreye yon pwosesis ranbousman ki pi rapid, nou angaje yon nouvo founisè tretman ranbousman depi 1ye jiyè 2023, epi nou travay an kolaborasyon sere ak li pou amelyore pwosesis la pou kliyan yo. Nou konsyan de pwoblèm enpòtan kliyan yo jwenn akòz reta nan tretman ranbousman yo pandan dènye peryòd la epi nou te travay nan yon fason aktif pou elimine pwoblèm sa yo epi amelyore eksperyans kliyan yo. Alavni, n ap kontinye amelyore eksperyans pwosesis ranbousman an. Efò sa se pou kontinye amelyore kalite ak tout detay konsènan demann ki fèt yo pandan n ap kreye yon etap volontè anvan apwobasyon an pou kliyan ki vle fè elektrifikasyon, yon fason pou nou asire nou kliyan yo konprann epi respekte chak eleman ki obligatwa pou jwenn rabè yo anvan yo soumèt yon fòmilè demann.

Anplis, n ap kontinye travay ak founisè tretman rabè yo pou diminye kantite demann kote gen enfòmasyon ki manke yo, pandan n ap amelyore pwosesis soumasyon anliy lan epi sansiblize nan yon fason aktif kliyan ki konsène yo. Sansibilizasyon sa a ap ajoute sou mesaj otomatik kliyan yo ap resevwa yo. Nou ap fè efò tou pou nou diminye kantite tan ki nesèsè pou enspeksyon yo nan yon nivo maksimòm, pandan n ap garanti plizyè nivo apwopriye pou egzaminasyon aprè enstalasyon yo. Finalman, n ap travay tou ak vandè ki trete rabè nou an pou sipòte peman dijital, tankou peman ACH ak "chèk dijital". Nou espere efò sa yo ap kontinye amelyore eksperyans rabè a pandan n ap asire nou ponp chalè ki enstale yo ap pèmèt yo reyalize ekonomi enèji epi diminyasyon kantite gas GHG ki prevwa yo, epi nou espere lajan kliyan yo depanse yo itilize nan yon fason rezonab.

## 3. Amelyore eksperyans kliyan an nan sa ki konsène elektrifikasyon, kòmanse ak kliyan ki gen fèb revni yo ak revni mwayen yo, ak lokatè nan kominote yo deziyen pou ekite yo

Jan nou te mansyone sa deja, nou pwopoze pou amelyore eksperyans kliyan yo epi elimine depans yo gen pou fè pandan n ap ofri lokatè yo ak kliyan ki gen revni mwayen nan ekite kominotè ki deziyen yo travay gratis pou renovasyon tèmik, eliminasyon obstak yo ak elektrifikasyon nan kad yon apwòch konplè ki prè pou itilizasyon. Apwòch sa a ap ale nan menm sans ak apwòch nou genyen deja pou pwoteksyon metewolojik ak jesyon enèjetik la, epi modèl livrezon global pou kliyan ki gen fèb revni nou yo ap pèmèt pwogram nan bay kliyan yo yon eksperyans jesyon pwojè ki senp pou yon varyete sèvis ki pi laj nan kad dekarbonizasyon an. Pandan l ap elaji varyete sèvis ki prè pou itilizasyon, kay ki gen 2 jiska 4 lojman ki genyen yon melanj kliyan a pri mache a ak kliyan ki gen revni ki ba oswa mwayen yo ap kapab pi byen patisipe.

Sou baz premye eksperyans nou an pou nou mete sou pye yon apwòch ki prè pou itilize pou kliyan ki gen revni mwayen yo, ak lokatè ki nan zòn kominotè yo deziyen yo, n ap elaji sèvis elektrifikasyon ki prè pou itilize a nan pri mache a anvan fen peryòd 2025-2027 la. Gras ak kolaborasyon nou ak ajans CAP yo ak patnè reyalizasyon yo, n ap kontinye tou diminye kantite tan ki nesèsè pou sèvi kliyan ki genyen revni ki ba yo pandan n ap angaje founisè ki kalifye nan rejyon kote kantite tan nesèsè pou sèvis ajans lokal CAP la depase sis jiska uit semèn.

Pou atenn yon gwo nivo patisipasyon kliyan yo ki nesèsè pou reyalize objektif dekarbonizasyon Commonwealth la, nou prevwa mete sou pye nouvo amelyorasyon yon fason pou nou senplifye eksperyans kliyan an epi ogmante patisipasyon nan pwogram yo.



## 4. Estandadize zouti ak egzijans pakou pwojè pèsonalize C&I a pou kreye yon eksperyans kliyan ki inik

N ap pwopoze plizyè amelyorasyon yon fason pou senplifye travay kliyan C&I yo ak vandè k ap patisipe nan filyè pèsonalize a ap gen pou yo fè a. Sa genyen ladan l nòmalizasyon zouti kalkil ekonomi, egzijans teknik yo, dokimantasyon pwojè a, ak enspeksyon enstalasyon anvan ak aprè epi pwosesis validasyon ekonomi pami PA yo. Resous sila a yo ap disponib sou yon sit entènèt ki pataje bay tout enjenyè PA yo ak founisè sèvis teknik yo. Yon gwoup santral ap gen pou sipèvize efò aliyman sa a, pou kreye yon eksperyans ki konsistan pou kliyan C&I yo k ap devlope pwojè ki espesifye sou yon baz kontinyèl. Yon demann nan tout eta a pou founisè sèvis teknik yo an 2024, ap ede asire tou nou adopte yon apwòch pou sipèvize founisè teknik yo epi pèmèt plis echanj pratik yo. Nouvo inisyativ pou evalyasyon enèjetik global, mete batiman ki egziste deja an sèvis, epi lekòl yo nan kominote ekitab yo ap ofri sipò anlplis bay kliyan yo nan devlopman plis pwojè konplè. Finalman, PA yo ap etidye mwayen pou rann enfòmasyon sou pwojè yo pi fasilman aksesib pou kliyan C&I yo.

## 5. Investi nan devlopman dijital ak amelyorasyon rapò

N ap kontinye amelyore MassSave.com yon fason pou elaji kontni ki lye ak elektrifikasyon yo, amelyore aksè lengwistik la epi favorize yon eksperyans itilizatè ki pi efikas. Sa ap gen ladan amelyorasyon fonksyon pèsonalizasyon an yon fason pou akonpanye kliyan rezidansyèl ak endistriyèl yo pandan tout pakou dekarbonizasyon an pandan n ap ba yo kontni ak enfòmasyon ki pi enpòtan epi pi itil yo. Efè nèt estrateji ki endike anwo yo ap debouche sou yon gwo satisfaksyon pou kliyan yo, ogmante vitès ak presizyon nan pwosesis rabè, amelyore sipò kliyan, epi finalman, ogmante patisipasyon nan pwogram nan.

PAs yo ap travay ak DOER pou bay konsèy la, piblik la ak pati ki konsène yo enfòmasyon enpòtan epi ki fasil pou konprann konsènan pwogram ki pèmèt yo mezire pwogrè ki fèt nan reyalizasyon objektif plan nou an. Enfòmasyon sila a ap genyen ladan l detay sou mezi prensipal yo tankou travay sou klimatizasyon ak ponp tèmik ki enstale lakay divès tip kliyan ak kominote; investisman nan kliyan a revni fèb ak revni mwayen ak nan kominote ekitab seleksyone yo; epi enfòmasyon sou pwojè komèsyal yo tankou elektrifikasyon pèsonalize ak pwojè pou mete an sèvis batiman ki te la deja yo. Detay siplemantè yo nan seksyon 5.4 la: Metòd operasyonèl ak endikatè Pèfòmans Kle.



# Elaji epi divèsifye mendèv la



Siksè plan 2025-2027 la ak kapasite Commonwealth pou respekte angajman li konsènan zewo enèji emisyon nèt la depann de egzistans yon ekip ki kapab bay sèvis nan sa ki konsène efikasite enèjetik, dekarbonizasyon, ak sèvis an repons demann yo. Pandan dènye deseni an, men dèw espesyalize nan enèji efikas nan Massachusetts te ogmante a plis pase 86 pousan epi kounye a sipòte dirèkteman anviwon 76 000 travay kòl vèt ki byen peye. Malgre kwasans rapid sa a, nou rekonèt twou vid ki genyen nan sipòte ak kiltive yon mendèv divès ak ekitab. Nan fason sa, nou rekonèt ke yon rezèv mendèv ki estab, ki fòme, ki divèsifye epi ki fleksib esansyèl pou pwogram nou an kontinye grandi epi reyisi.

Pou satisfè bezwen sa a, nou ap kontinye ak plizyè estrateji pou ogmante ak divèsifye yon men dèw ki solid. Efò sila yo prevwa pou ede nou atenn gwo anbasyon nou yo nan sa ki gen pou wè ak efikasite batiman yo, ekonomi enèji, ak objektif dekarbonizasyon an avèk yon men dèw ki reflekte divèsite kominote ak kliyan n ap sèvi yo. Kat estrateji kle nou genyen pou nou ranfòse epi divèsifye ekip la dekri pi ba a:

## 1. Kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center pou ogmante divèsite mendèv la, double finansman anyèl la pou fè l rive jiska 24\$ milyon dola pou chak ane

N ap kolabore ak Massachusetts Clean Energy Center pou ogmante divèsite efektif la pandan peryòd 2025-2027 la, pandan n ap double finansman anyèl jiska \$24 milyon chak ane. Domèn nou fòkis yo ap gen ladan yo fòmasyon pou kontraktè ak moun k ap chèche travay ki prefere yo sèvi nan yon lang ki pa anglè ak kreyasyon yon "chemen devlopman kontraktè" pou bay Minorite ak Fanm ki posede antrepriz yo (MWBEs) devlopman biznis ak lòt sipò esansyèl. PA yo ak Sant Massachusetts Clean Energy espere ke "chemen devlopman kontraktè" sa a pral pèmèt MWBE yo patisipe ak plis siksè nan ekosistèm founisè a pou efikasite enèji ak elektrifikasyon. Massachusetts Clean Energy Center ap bay tou rapò regilye bay EEAC ak bay Depatman an sou efò yo, epi tou gras ak endikatè pèfòmans enpòtan yo. Sa ap ede garanti garanti 72 milyon dola nan fon kliyan kliyan yo transfere soti nan Mass Save Program lan bay Massachusetts Clean Energy Centera la pou sipòte bezwen men dèw ki gen rapò a ekite nan pwogram yo, pou ofri opòtinite bay estajye ak antrepriz ki divèsifye yo, si posib, nan Mass Save aprè fòmasyon yo a, epi finalman reyisi kreye yon men dèw ki pi divèsifye epi ki pi byen reprezante kominote n ap sèvi yo.

Anplis kolaborasyon avèk Massachusetts Clean Energy Center an, nou ap kontinye bay tou kèk efò anplis. Sa genyen ladanl: (1) pwopoze Mass Save Workforce Training Grant lan ki la pou chèche ogmante dirabilite men dèw la nan domèn enèji efikas lè nou amelyore konpetans yo epi asire tranzisyon nouvo travayè yo nan yon men dèw atravè devlopman patenarya ak ogmantasyon finansman yo; epi (2) pou Eversource ak National Grid an patikilye, lè nou fòme nouvo kandida ki soti nan kominote ekitab yo nan kad pwogram Clean Energy Pathways la.

## 2. Ogmante divèsite founisè yo, sa gen ladan l adopsyon yon objektif referans k ap depanse 15% nan volim kontra dirèk Mass Save ak plizyè founisè

N ap travay tou pou ogmante divèsite founisè nan pwogram Mass Save yo. Kòm yon nouvo efò epi jan rekòmandasyon konsèy la te enfòmè nou, PA yo pral fikse yon referans aspirasyon<sup>14</sup> pou depanse 15% nan volim dola nan kontra Mass Save dirèk ak founisè divès kalite pou tèm 2025-2027 la. Pou reyalize divèsite founisè nan yon kad ki amelyore, nou pral travay avèk dilijans pou konstwi tiyo ak divès founisè, sipòte yo nan reponn a demann pou pwopozisyon (RFPs), epi etabli nouvo mezi, yo dwe rapòte chak ane, pou nou ka mezire pwogrè nan direksyon referans sa a. Separeman, PA yo pral envite kominote kontraktè nou an pou endike sityasyon divès kalite biznis yo atravè sondaj regilye yo epi fè done ki enpòtan yo disponib pou kominote yo ak kliyan ki entereze yo, tankou sou MassSave.com.

Anplis de sa, nou pran angajman pou ogmante patisipasyon divès founisè, n ap: (1) afiche piblikman avi sou opòtinite epi kontakte yon fason pwoaktif pou envite dirèkteman divès founisè pou reponn a RFP espesifik yo; (2) kominike divès founisè sou opòtinite pou travay avèk PA yo atravè Somè Divèsite Founisè anyèl yo; (3) fasilite korespondans chak trimès ak RFP espesifik yo pou konekte divès founisè ak vandè plon; (4) Nan kèk ka, PA endividyèl yo ap mande vandè yo pou yo bay volontèman yon pousantaj ke yo ka angaje pou yo depanse ak lòt soutretan. Kote yo chwazi vandè sa yo, angajman volontè sa yo pral tounen yon pati nan tèm ak kondisyon ki nan kontra avèk vandè sa a ke PA a kapab swiv; epi (5) kreye ak finanse yon rezo vandè divès pou ede kowòdone opòtinite RFP k ap vini yo epi pataje pi bon pratik ant divès founisè yo.

## 3. Devlope epi ranfòse yon mendèv solid pou enstalasyon tèmoponp yo nan Rezo Enstatè Ponp Tèmik la epi asire livrezon enstalasyon bon kalite fèt nan kay yo ak nan antrepriz yo gras ak jesyon epi fòmasyon kontraktan yo

N ap kontinye devlope yon rezo ki vas epi enstale ponp tèmik ki pase pa yon pwosesis kalifikasyon nan lide pou patisipe nan pwogram Mass Save la. Egzijans fòmasyon pou enstatè ponp tèmik yo garanti kliyan an ap resevwa yon enstalasyon ponp tèmik de kalite. Nan tèm 2025-2027 la, n ap kontinye agrandi rezo enstatè ponp tèmik nou an epi ranfòse egzijans fòmasyon yo. Rezo enstatè ponp tèmik nou an ap sèvi tankou baz pou devlopman yon filye elektrik ki prè pou itilizasyon pou kliyan a revni mwayen yo epi a bon mache. Yo pral pwofite tou pou elaji elektrifikasyon nan ti bilding komèsyal nou yo. Pandan ti biznis atravè Commonwealth la ap chèche resous pou sipòte objektif dekarbonizasyon yo, PA yo pral kontinye elaji patisipasyon enstatè komèsyal yo nan Rezo Enstatè Ponp Chalè yo.

Finalman, nou souvan ap analize kontraktè ki ap patisipe nan pwogram Mass Save yo epi yo kapab retire kontraktè ki pa satisfè atant pwogram lan. Pou garanti ekselans nan mete pwogram lan an plas epi ede antreprenè yo reyisi, n ap ofri posibilite fòmasyon, ki genyen ladan l tou fòmasyon vityèl ki disponib 24 è sou 24 epi 7 jou sou 7 nan Sant aprantisaj Mass Save Heating & Cooling nou an. Fòmasyon sa yo te kreye pou adrese konsepsyon ak enstalasyon sistèm ponp chalè nan bilding rezidansyèl ak komèsyal yo.


<sup>14</sup> PA yo p ap sèvi ak referans lan kòm yon mwayen pou preferans oswa dezavantaj pou kèk founisè antanke yon diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, oswa seksyalite, pou sa ki gen rapò ak desizyon nan moman apwovizyoman yo. Referans lan reprezane yon aspirasyon epi li pa mande ekspresman yon sèten pousantaj nan depans oswa yon kota ki dwe depanse pou divès founisè yo.



## 4. Devlope opòtinite fòmasyon C&I epi mete aksan sou entegrasyon kontwòl ak elektrifikasyon batiman

Nou ap ogmante kantite ak pòte kou fòmasyon ki disponib yo, avèk yon estaf ki la pou sipòte efò sila yo. Domèn n ap konsantre nou sou yo pou fòmasyon C&I anplis yo genyen ladan l, elektrifikasyon, klimatizasyon, rekiperasyon chalè, kontwòl enèji, ak mete an sèvis batiman yo. Pandan majorite nan fòmasyon sa yo ap akse sou kreyatè ak enstalatè sistèm, anpil nan yo ap benefik pou jesyonè ak pèsònèl enstalasyon yo tou. Nou ap kolabore tou avèk DOER pou mete ajou epi devlope fòmasyon sou kòd enèji pou achitèk yo, enjenyè yo, ak batisè yo an repons ak dènye chanjman ki fèt nan kòd konstriksyon an ak alonjman Massachusetts yo, epi tou pou pratik nouvo kreyasyon teknolojik. Nou pral travay sou konsepsyon opòtinite fòmasyon sa yo, ki ap konsantre sou entegre kontwòl bilding yo ak elektrifikasyon yo, pou ede ekipe mendèv lokal nou an ak seri konpetans ki nesèsè pou sèvi kliyan C&I epi atenn objektif dekarbonizasyon yo.

Finalman, nou te etabli relasyon avèk enstitisyon ak òganizasyon endistriyèl lokal pou favorize devlopman efektiv la nan sektè C&I a. Relasyon sa yo pral lakòz fòmasyon ki estriktire pou prezante dènye teknoloji yo epi fè fòmasyon pou patisipan yo ak yon konpreyansyon sou fason yo idantifye opòtinite pou aplike teknoloji yo, enimerè avantaj yo, ak ogmante finansman ak resous ki enpòtan pou PA yo. Nou gen patenarya tou ak Northwest Energy Efficiency Council pou ofri sètifikasyon pou operatè batiman, sa ki pèmèt yo amelyore kalifikasyon operatè batiman yo gras ak yon fòmasyon sou efikasite enèjetik ak teknoloji batiman entèlijan, fòmasyon kontini, ak yon sètifikasyon.



Pou garanti ekselans nan mete pwogram lan an plas epi ede antreprenè yo reyisi, n ap ofri posibilite fòmasyon, ki genyen ladan l tou fòmasyon vityèl ki disponib 24 è sou 24 epi 7 jou sou 7 nan Sant aprantisaj Mass Save Heating & Cooling nou an.



**NOU SE MASS SAVE®:**



Aprann plis sou [masssave.com](http://masssave.com)